

AKSYON KI NESESÈ EGZAMEN REPREZANTAN CDC+ YO

Avi sa a fèt pou bay klarifikasyon konsènan Pwogram Care Plus Konsomatè an Dirije (CDC+) ak konfòmite verifikasyon antesedan nivo 2 pou Reprezantan CDC+ yo nan konfòmite avèk seksyon 409.221 ak 393.0655, Lwa Florid (FS) yo.

Lalwa Eta a egzije pou tout Reprezantan CDC+ yo, eksepte oto-reprezantan yo, sibi yon verifikasyon antesedan, dapre seksyon 409.221 ak 393.0655, FS. Pou asire respè pou egzijans legal yo, tout Reprezantan CDC+ yo dwe suiv etap sa yo:

1. Enskri sou pòtay pou Sant Echanj Enfòmasyon sou Verifikasyon Antesedan an nan crw.flclearinghouse.com, oubyen konekte apati idantifyan koneksyon Sant Echanj Enfòmasyon Aktyèl sou Verifikasyon Antesedan an. Si Reprezantan CDC+ la pa kapab jwenn aksè ak sistèm nan pou nenpòt rezon, li dwe enskri pou yon nouvo kont lè li swiv enstriksyon ki kòmanse nan paj 4 [Gid pou Enskripsyon Itilizatè CDC DCF/APD](#) a (tanpri asire w ou chwazi APD kòm ajans lan).
2. Apre enskripsyon an fini, voye fòmilè enskripsyon ki konplete epi **siyen** an nan imèl an ansanm ak yon kopi lisans chofè oswa kat idantite reprezantan CDC+ la Eta a bay nan adrès hqw.bgs.helpdesk@myflfamilies.com.
3. Reprezantan CDC+ yo ap resevwa yon imèl ki verifiye apwobasyon an, sa ki pral pèmèt yo gen aksè ak Sant Echanj Enfòmasyon sou Verifikasyon Antesedan an.
4. Lanse verifikasyon ki nesesè yo nan Sant Echanj Enfòmasyon sou Verifikasyon Antesedan an. Ou ka jwenn plis enstriksyon konsènan fonksyon verifikasyon antesedan nan Sant Echanj Enfòmasyon an nan [Gid pou Enskripsyon Itilizatè DCF/APD CDC a](#). Yon fwa yo fini tès depistaj la, yo ap bezwen ajoute Reprezantan CDC+ la sou lis anplwaye CDC+ la pou chak konsomatè yo desèvi.
5. Soumèt [Fich Kouvèti Ranbousman Verifikasyon Antesedan Reprezantan CDC+ la](#) ansanm ak dokiman obligatwa ki detaye anba a nan bwat resepsyon Verifikasyon Antesedan Reprezantan CDC+ la nan apd.cdc.backgroundscreenings@apdcares.org.

Men plis enfòmasyon pou fasilite pwosesis sa a:

Èske gen yon pri pou verifikasyon antesedan?

Tout Reprezantan CDC+ yo pou Konsomatè aktif ki enskri nan Pwogram CDC+ la ant 1ye out 2025 ak 31 desanm 2025 ka resevwa yon ranbousman yon sèl fwa pou frè premye verifikasyon antesedan yo a, jiska yon maksimòm \$125.00. Reprezantan CDC+ ki gen yon verifikasyon

antesedan ki elijib pou CDC+ kounye a pa oblije sibi yon lòt verifikasyon jiska dat limit pou fè sa a.

Kilè mwen blije soumèt verifikasyon antesedan Reprizantan CDC+ mwen an?

Tablo ki anba a bay dat limit pou chak Reprizantan CDC+ fin konplete, reyisi, epi soumèt otorizasyon verifikasyon antesedan nivo 2 yo bay pwogram CDC+ la, selon Rejyon ki desèvi Konsomatè a.

***REMAKE:** Si Reprizantan CDC+ la desèvi plis pase yon konsomatè kòm yon Reprizantan CDC+, tout ID Konsomatè CDC+ yo dwe gen ladan yo sou Fich Kouvèti Ranbousman Verifikasyon Antesedan Reprizantan CDC+ la. Ou dwe fin fè verifikasyon antesedan anvan dat ki pi pwòch ki enskri pou konsomatè w ap desèvi yo, dapre rejyon kote yo rete a. Pa egzanp, si w ap desèvi konsomatè ki abite nan Zòn Sid ak Suncoast, ou dwe pase yon verifikasyon epi soumèt tout dokiman ki nesesè yo anvan 31 out 2025.

Rejyon Konsomatè an:	Verifikasyon Antesedan Reprizantan CDC+ BOUT:
Zòn Sid	31 out 2025
Suncoast	30 septanm 2025
Sidès	31 oktòb 2025
Nòdwès ak Nòdès	30 novanm 2025
Santral	31 desanm 2025

Kisa k ap pase si Reprizantan CDC+ la pa konfòme li avèk oswa pa pase Verifikasyon Antesedan an?

Si yon Reprizantan CDC+ pa vle oswa pa kapab konplete epi pase yon verifikasyon antesedan nivo 2, yo pral retire moun lan nan pòs Reprizantan CDC+ la. Konsomatè a ap gen 30 jou pou l jwenn yon nouvo Reprizantan CDC+ epi li ta dwe aktive Plan Sekou l jans li a ki dekri nan paj 3-3 nan [Manyèl pou Pwoteksyon, Limitasyon ak Ranbousman Pwogram Care Plus Konsomatè an Dirije a](#), revize an oktòb 2015 (Manyèl CDC+ la).

Reprizantan CDC+ la gendwa gen opsyon pou aplike pou yon egzanpsyon kont diskalifikasyon ki baze sou rezilta Verifikasyon Antesedan ki pa elijib, dapre seksyon an. 435.07, F.S.

Kijan pou m soumèt dokiman ki montre verifikasyon antesedan reprizantan CDC+ mwen an?

Reprizantan CDC+ yo ap soumèt dokiman ki nesesè yo ki nan lis anba a yon fwa yo fin fè verifikasyon an apd.cdc.backgroundscreenings@apdcare.org. Tanpri bay Konsiltan CDC+ la yon kopi lè w ap soumèt dokiman sa a, pou rezon enfòmasyon sèlman.

Ou dwe mete bagay sa yo ansanm ak imèl la anvan dat limit ki nan tablo ki anwo a:

- [Fich Kouvèti Ranbousman pou Verifikasyon Antesedan Reprizantan CDC+ la](#) (avèk tout enfòmasyon yo mande yo)
- Rezilta Verifikasyon (si ou deja fè verifikasyon an, tanpri soumèt rezilta verifikasyon aktyèl ou yo)

- Resi peye apati Founisè Verifikasyon Antesedan an
- Enfòmasyon ki dekri chak konsomatè ou desèvi

Pri nenpòt verifikasyon Reprèzantan CDC+ ki fèt anvan avi sa a ak apre 31 desanm 2025, se ap responsablite Reprèzantan CDC+ la. P ap gen ranbousman pou verifikasyon ki te fèt anvan avi sa a, men yo dwe soumèt yo ankò bay Pwogram CDC+ la ak Konsiltan an pou rezon swivi. Reprèzantan CDC+ yo sèlman oblije pase yon sèl verifikasyon, kèlkeswa kantite konsomatè w ap desèvi kounye a, epi yo gendwa sèlman soumèt yon demann ranbousman yon sèl fwa. Reprèzantan CDC+ ki gen yon verifikasyon antesedan ki elijib pou CDC+ kounye a pa oblije sibi yon lòt verifikasyon jiska dat limit pou fè sa a. Ranbousman pou verifikasyon sa yo p ap gen okenn enpak sou bidjè/kont CDC+ konsomatè a.

Resous pou Verifikasyon Antesedan (fòmasyon/enstriksyon):

Ou ka jwenn materyèl fòmasyon ak enstriksyon ki gen rapò ak pwosesis Verifikasyon Antesedan an sou [paj wèb CDC+ la](#) anba seksyon Verifikasyon Antesedan an, tankou Gid pou Enskripsyon Itilizatè APD CDC+ la, Gid pou Enstriksyon Sit entènèt Rezilta Sant Echanj Enfòmasyon an, Gid Enstriksyon Renouvèlman an, ak Gid pou Enstriksyon sou Reyinisyalizasyon Modpas pou retabli modpas ou nan pòtay Ajans pou Administrasyon Swen Sante (AHCA) a.

Pou kesyon konsènan pwosesis sa a, tanpri kontakte Felicia Jones nan felicia.jones@apdcares.org. Kesyon konsènan rezilta verifikasyon antesedan yo dwe adrese bay Depatman Timoun ak Fanmi Florid (DCF) nan (850)300-4247 oubyen nan imèl nan hqw.bgs.backgroundscreening@myflfamilies.com.